

**Ekselans, Prezidan Repiblik la,**

**Prezidan chanm Sena a,**

**Onorab palmantè yo,**

**Tout manm Gouvènman an,**

**Majistra Ganthier a,**

**Cazèk lokalite a,**

**Direktè jeneral Biwo Min ak Enèji a,**

**Manm ak estaf Petrogaz-Haïti**

**Manm laprès pale, ekri ak televize,**

**Medàm , mesye...,**

Nan non tout manm ak estaf Petrogaz-Haïti, S.A. yo, avèk mwen menm antan ke PDG Petrogaz, mwen salye tout moun. M'ap profite di nou mèsè di fè ke nou aksepte kite okipasyon-n, pou nou vini pote sipò-n a Petrogaz.

Petrogaz-Haïti se yon sosyete Petwolyè Gazyè lokal et nasyonal, dirije e kontwole pa ayisyen e opere an kolaborasyon avèk teknisyen Trinidadyen.

Trinidad pataje menm rejyon ak Haiti et teknisyen Trinidadyen yo byen plase pou yo konpran-n fòmasyon gewologik e tektonik plato rejyon karayib la, non sèlman pa rapò pozisyon yo nan rejyon an, men sitou pou eksperyans yo nan domèn Petwòl ak Gaz.

Petrogaz fòme depi an 2003 e li piblye nan jounal ofisyèl gouvènman ayisyen (Le Moniteur), nan dat 7 mai 2007. Depi lè sa a, Petrogaz ap opere antan ke yon sosyete Petwolyè e Gazyè an Ayiti, epi Trinidad tou; an kolaborasyon avèk lòt sosyete Petwolyè e Gazyè Trinidadyen.

Souvan, anpil moun an Ayiti mal entèprete aspè petwòl la, sa ki lakòz anpil konfizyon ak kesyon ki pa janm gen vrè repons. Istwa Petwòl ak eksplorasyon Gaz an Ayiti kòmanse depi nan lane 1904, kote anpil sosyete etranjè tankou: **Wendel Phillips, Atlantic Refining, Standard Oil Company of New Jersey, Bonanza International Petroleum, Commonwealth Oil and Crux, PetroCanada etc...**

Sosyete sa yo te travay nan domèn rechèch gaz an Ayiti, epi travay sa yo te kite anpil kesyon san repons pou Ayiti. Se pa sosyete sa yo sèlman ki te travay nan domèn sa a an Ayiti, gen anpil lòt gwo ekspè entènasyonal tankou: David T. Day, yon jewològ, an 1913 ekri George Otis Smith, ki te Direktè United States Geological Society, e li te deklare ke **“dapre etid ki fèt nan Karayib la, posiblite pou egzistans petwòl an Ayiti a favorab anpil”**.

Dapre lòt ekspè nan domèn nan ki souvan analize e revize enfòmasyon sou petwòl nan Karayib la ofri opinyon yo nan menm sans lan.

Petrogaz analize, evalue enfòmasyon sa yo e mete sou pye yon nouvo pwogram eksplorasyon avèk yon nouvo teknoloji ki kapab klarifye tout konfizyon e konfime pou tout Ayisyen èske gen petwòl an Ayiti tout bon vre.

Prezidan Repiblik Dayiti a, Jodi a, yon lòt fwa ankò, Ayiti make yon gwo paj nan listwa l' e paj sa-a ap sèvi kòm yon gwo nòt nan paj eritaj ke w'ap kite pou Ayiti.

Nou rete kwè yon bon jou tankou jodi a, pitit Ayiti yo kapab santi epi wè tout bon vre, ansanm n'ap restore fyète peyi nou an ak fyète tout Ayisyen ak Ayisyèn kèlkeswa kote y'ap viv. Travay sa-a kòmanse an kolaborasyon avèk otorite Ayisyen yo, kòmanse a pati Biwo Min ak Enèji.

Travay sa-a ap kontinye jiskaske nou jwenn yon rezilta ki favorab pou pwogrè peyi Dayiti; yon peyi, ke nou tout jire e kondane pou-n renmen.

E se sou pwèn sa-a n'ap fini pandan n'ap pwofite remèsye:

**Direktè Jeneral Biwo Min ak tout estaf li a, Misnistè Travo Piblik, Misnistè Finans al LaKou Siperyè de Kont,** ki ede nou ran-n jounen jodi a posib.

Ayiti se pou nou li ye !!!

Mèsi.